

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa karya anu imajinatif, hartina henteu bener-bener kajadian, sanajan kitu dina unggal karya sastra pasti aya pesen anu nyampak atawa anu nyamuni tina hiji karya sastra bisa jadi mangrupa harti injeuman tina kajadian anu saenyana. Kanyataan dina kahirupan masarakat mangrupa dasar atawa gambaran réalitas nu jadi tatapakan kaciptana hiji karya sastra. Kanyataan anu satuluyna diréka tur diwewegan ku momonés basa nu éndah, lebah dieu karya sastra disebut karya éstétik. Ajén kajujuran jeung bebeneran anu nyampak dina karya sastra téh hasil tina prosés kréatif panulis anu tangtuna moal leupas tina pasualan inteléktualitas.

Dina sastra Sunda téh salasihijina aya naskah drama anu sok dipintonkeun dina sababaraha pagelaran. Nurutkeun Koswara (2010, kc. 115) Drama nyaéta karangan sastra nu midangkeun carita atawa lalakon dina wangun dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama. Salian ti éta drama ogé karya sastra nu ngungkabkeun carita ngaliwatan dialog-dialog tokohna. Cindekna, drama nyaéta salasihiji hasil karya sastra nu ngagambarkeun paripolah manusa nu ngandung konflik dina wangun dialog jeung akting di hareupeun nu nongton.

Saluyu jeung ieu panalungtikan anu jadi objek téh nyaéta naskah drama anu judulna 'Badawang' karya R. Hidayat Suryalaga. Anu medal taun 1994 tur kungsi tilu kali ditik. Ieu naskah téh tuluyna tina naskah drama saacananna anu judulna 'Raja Wales'. Salian ti Naskah drama 'Badawang', aya 36 naskah drama anu geus medal di antarana 'Sanghiang Tapak', 'Tambang', 'Nu Jaradi Korban', 'Raja Wales', 'Pangadilan Longsér', 'Demang Dingkeung', 'Kukurayeun', 'Tiodédát', 'Mad Tohing', 'Carem', ogé naskah anu jadi objék dina panalungtikan ieu nyaéta 'Badawang' (Diva, 2023, kc. 26). Salian ti éta, loba ogé karya fiksi anu dijieun ku R. Hidayat Suryalaga, nu dina unggal karyana nyangkaruk ayana ajén-ajén kaagamaan dijerona. R. Hidayat Suryalaga téh tokoh Seniman ogé Budayawan Sunda anu loba nyiptakeun karya. Anjeunna lahir di Banjarsari, Ciamis, 16 Januari 1941. Dina karya R. Hidayat Suryalaga téh nyangkaruk ajén-ajén anu

hadé pikeun kahirupan. R. Hidayat Suryalaga ogé kungsi jadi guru ogé resep nyieun kolaborasi antara agama jeung budaya kasundaan, salasahijina ngayakeun majelis malem reboan.

Numutkeun filsuf Polandia, Roman Ingarden, dina sastra aya nu disebut kualitas metafisik (sifat sublime, tragis, pikasieuneun, atawa suci), nu ditepikeun karya sastra minangka bahan teleban/perenungan/kontemplasi kana ajén-ajén kamanusaanana. Ieu hal téh saluyu jeung anu ditétélakeun Isnendes (2010: 15, 21) Dumasar kana wangunna, karya sastra dibagi jadi tilu wangun, nyaéta puisi, prosa, jeung carita drama. Prosa nyaéta wanda basa karangan anu rakitanana maké basa sapopoé atawa lancar anu tangtuna teu kauger siga puisi. Puisi nyaéta karangan anu eusina téh wirahma ogé teu sagawayah nyieuna tangtuna aya aturanna. Cindekna, karya sastra anu ajénna luhung salawasna miboga maksud. Di sagigireun unsur rékaan jeung éstétis tina karya sastra, aya pesen moral anu rék ditepikeun ku pangarang.

Nurutkeun kaum strukturalisme téks karya sastra nyaéta totalitas nu diwangun sacara koherensi ku sakabéh unsur wangunna (Nurgiantoro, 2013, kc 17). Nurgiantoro (2004, kc. 320) nétélakeun yén anu ngaranna moral téh sarua jiga téma, ditilik tina wangun dikotomi eusi karya sastra minangka unsur eusi. Moral mangrupa salasahiji unsur nu hayang ditepikeun ku pangarang ka pamaca, nyaéta minangka ma'na anu aya dina jero karya sastra, ma'na anu nyangkaruk dina jalan caritana. Ajén moral ogé penting pikeun manusa dina kahirupan sapopoé, sabab ieu hal téh raket patalina jeung hadé goréngna laku lampah manusa.

Saupama ditilik tina segi moral, ieu naskah drama 'Badawang' téh ngagambarkeun konflik kahirupan. Ku kituna pasti aya ajén moral anu nyampak dina ieu naskah. Kamajuan jaman, ngabaluarkeun budak jaman kiwari téh kurang merhatikeun kana ajén moral anu aya, katitén loba ogé barudak anu némbongkeun yén manehna teu ngalarapkeun ajén moral dina kahirupanana. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngaguar ngeunaan ajén moral anu nyampak ogé anu bisa dilarapkeun ku manusa dina kahirupan sapopoé.

Ajén moral anu nyangkaruk dina karya sastra salasahiji struktur anu kompléks. Éstu raket patalina jeung kahirupan manusa. Kahirupan anu nyamuni jeung karya sastra anu nyangkaruk nyaéta di antarana hubungan manusa jeung dirina, hubungan

manusa jeung manusa, hubungan manusa jeung alam sarta hubungan manusa jeung Gustina. Ku kituna, sastra anu dianggap salaku salasahiji ilusi atawa khayalan jeung kanyatan anu raket patalina jeung kahirupan manusa (Eliastuti, 2017). Dumasar kana sababaraha kumandang yén acuan ajén moral téh ngeunaan kayakinan tina individu sacara psikologis boh sosiologis anu ngajadikeun pola sikep dina pribadi salaku cecekelanana (Isnendes, 2010, kc. 13).

Eusi naskah drama ‘Badawang’ téh nyaritakeun opat jelema anu ngahaja dipanggihkeun dina hiji tempat anu karasana ahéng. Opat jelema éta boga kasang tukang anu béda-béda. Ari nu ngabédakeunana nyaéta tina pagawéan baheulana di antarana aya anu jadi Seniman, Budayawan, Wartawan, jeung Cendekiawan. Masing-masing ti maranéhna yakin yén ditempat anu ahéng ieu téh baheulana kungsi aya nagara, tapi teu ka sawang cukang lantaran nagara anu ayeuna téh jadi pikasieuneun, euweuh rasa aman jeung teu nyaman ditempatan. Maranéhna keukeuh hayang apal kumaha carana ieu tempat téh bisa kapanggih asal usulna, lantaran ieu tempat téh asa rujit jeung loba runtahna. Si Cendekiawan téh ngajak nu lain sangkan mérésihan runtahna sangkan ieu tempat téh jadi beresih, tapi lantaran nu opatan ieu téh boga carana masing-masing, jadi tempat anu kotor éta téh teu jadi bersih. Si Seniman ngomong yén opatan ti urang kudu aya nu jadi pamingpin, tapi nyatana maranéhna ngarasa teu percaya ka pamingpin lantaran boga kasang tukang pamingpin anu goréng. Ku kituna, dina pamikiranana téh pamingpin mah euweuh nu bener.

Sanggeus silih témpas nangtukeun saha nu jadi pamingpin, tungtungna mah eweuh nu daék jeung ngarasa pantes pikeun mingpin. Si Wartawan boga ide sangkan néang pamingpin tina runtah, alatan di éta nagara tangtu kungsi aya pamingpinna. Anu ditéangan téh hulu, leungeun jeung suku nepi ka nyarupaan manusa. Sanggeus dianggap kumplit, anu katempo téh lain jiga manusa, tapi jiga ‘Badawang’, anu boga hulu anu gede, leungeun paranjang jeung suku ogé panjang jeung matak pikasieuneun.

Saacanna kungsi aya panalungtikan ngeunaan naskah drama dina skripsi, di antarana; (1) *“Fakta Carita jeung Ajén Moral dina Naskah Drama ‘Sang Kuriang’ Karya Utuy T. Sontani pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA Kelas XII”* ku Gina Devina taun 2019. (2) *“Ajén Moral dina Novel Si Bohim jeung Tukang*

*Sulap karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Di SMP (Ulukan Struktural jeung Filsafat Moral)*” ku Haryanti taun 2020. (3) “*Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Ceu Nonoy Putra Ua Banagara Karangan H. D. Bastaman pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA*” ku Devi Restika Sari taun 2022. (4) “*Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Drama Panti Jompo karya Hidayat Suryalaga*” ku Diva Irvia Nurseptyatami taun 2023. (5) “*Naskah Drama ‘Odeu’ karya Lugiana Dea: Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra*” ku Tri Yoga Saputra Taun 2023.

Salian ti skripsi ogé kungsi ditalungtik dina jurnal di antarana, (1) “*Masyarakat Sunda dalam Sastra: Komparasi Moralitas dan Kepribadian*” ku Retty Isnendes (2013). (2) “*Transformasi dan Kajian Etnopedagogi Naskah Wawacan Sulanjana. Jurnal Lektur Keagamaan, 15(1), 1-20*” ku Haerudin, D., & Koswara, D. (2017). (3) “*Keterbacaan Kumpulan Naskah Drama karya R. Hidayat Suryalaga sebagai Alternatif Bahan Ajar Sastra di SMA/SMK/MA. In Seminar Internasional Riksa Bahasa*” ku Subantari, I., Haerudin, D., & Koswara, D. (2019). (4) “*Karakteristik Kepemimpinan Sunda dalam Novél Sejarah Mantri Jero karya R. Memed Sastrahadiprawira*” ku Danan Darajat, Ruhaliah Ruhaliah, Retty Isnendes (2020). (5) “*Nilai Budaya dan Agama dalam Naskah Kitab Mi’raj Kangjeng Nabi Muhammad Saw.*” ku Ani Tsania Fathurahmah, Ruhaliah Ruhaliah, Dedi Koswara. (2021). (6) “*Ketabahan Seorang Istri dan Nilai Keagamaan dalam Naskah ‘Siti Jaajah’*” ku Sasti Ameliawati, Ruhaliah Ruhaliah, Nunuy Nurjanah. (2021). (7) “*Nilai Moral dalam Novél Si Bohim jeung Tukang Sulap karangan Samsoedi Untuk Bahan Pembelajaran Membaca Novel*” ku Haryanti Haryanti, Ruswendi Permana, Dian Hendrayana. (2021). (8) “*Aspek Sosial dalam Kumpulan Cerita Pendek Layung karya Aam Amilia*” ku Reni Tania Nurmala, Agus Suherman. (2021). (9) “*Citra Perempuan dalam Roman Pendek Pileuleuyan karya Yus Rusamsi*” ku Kaffa Kupita Robby, Retty Isnendes, Agus Suherman (2021).

Anu ngabédakeun panalungtikan ieu jeung panalungtikan saacanna nyaéta dina objek anu ditalungtik. Katitén acan aya panalungtik anu nalungtik naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga. Ku kituna, panalungtikan anu dirumuskeun dina judul Naskah Drama ‘Badawang’ karya R.Hidayat Suryalaga (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral) penting dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu.

- a) Kumaha struktur carita dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga?
- b) Kumaha struktur naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga?
- c) Ajén moral naon waé anu nyampak dina naskah drama ‘Badawang’ karya R.Hidayat Suryalaga?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah nu geus didadarkeun, ieu panalungtikan tangtuna miboga tujuan husus jeung tujuan umum.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan ngaguar ajén-ajén moral anu nyampak dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga, sarta ngarojong pangaweuh dina widang sastra.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a) struktur carita anu kapanggih dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga;
- b) struktur naskah anu kapanggih dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga;
- c) ajén moral anu nyampak dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan téh pikeun ngeuyeuban ogé ngamekarkeun pangaweuh ngeunaan karya sastra hususna struktur carita dina naskah drama ‘Badawang’ karya R. Hidayat Suryalaga.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) pikeun panulis, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh jeung wawasan dina widang sastra;
- b) pikeun mahasiswa jadi sumber référénsi tambahan dina nalungtik karya sastra;
- c) pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh struktur carita jeung ajén moral dina hiji karya sastra.

### 1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panaluntikan jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori struktural, ajén moral, panalungtikan samemehna, jeung raraga mikir.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina struktural jeung ajén moral dina naskah drama 'Badawang' karya R. Hidayat Suryalaga.

Bab V Kacindekan Implikasi jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.